


### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métodologi anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nazir (2005, kc. 54) nétélakeun yén métode déskriptif téh hiji métode dina nalungtik status kelompok manusa, obyek, kaayaan, sistem pamikiran, atawa kajadian anu lumangsung dina mangsa kiwari. Tujuan dina ieu panalungtikan *Wawacan Siti Permana* pikeun ngadeskripsikeun, ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun sipat sarta patalina variabel anu ditalungtik, sacara sistematis, faktual, jeung aktual ngeunaan fakta-fakta anu silihpatali dina unggal unsur anu ditalungtik. Hartina méré gambaran nu jéntré ngeunaan struktur jeung antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*.

### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan dina nganalisis *Wawacan Siti Permana* ngeunaan struktur formal jeung struktur naratif sarta antropologi sastra, anu dibagankeun saperti ieu:



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji upaya sangkan miboga hasil dina panalungtikan ngagunakeun métode nu tangtu nepi ka tujuanna bisa kahontal (Suyatna, 2002, kc. 18). Nurutkeun Fathoni (2006, kc. 104), data nya éta informasi anu dicangking ngaliwatan ukuran-ukuran nu tangtu pikeun dijadikeun papagon dina nyusun arguméntasi logis jadi fakta. Ari fakta nya éta kanyataan anu geus kauji bebeneranna sacara émpiris, di antarana ngaliwatan analisis data.

Téhnik dina ieu panalungtikan nya éta talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka hartina ngumpulkeun tiori-tiori anu dipaké bahan tulisan pikeun dijadikeun papagon dina panalungtikan (Suyatna, 2002, kc. 19). Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 10), talaah pustaka mangrupa kagiatan neuleuman tiori-tiori dasar ngeunaan panalungtikan dina élmu nu ditalungtik atawa métodologi panalungtikanna.

Léngkah-léngkah talaah pustaka dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Maca *Wawacan Siti Permana*;
- 2) Nyirian struktur formal jeung struktur naratif *Wawacan Siti Permana*;
- 3) Nyirian data anu patali jeung antropologi sastra;
- 4) Ngasupkeun data anu dicirian sangkan babari dianalisisna.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Panalungtikan *Wawacan Siti Permana* mangrupa panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 60), panalungtikan kualitatif miboga tujuan ngadéskripsikeun jeung nganalisis kajadian, kabiasaan sosial, kapercayaan, sawangan, jeung pamikiran jalma sacara individu jeung kelompok.

Dina ieu panalungtikan maluruh ngeunaan struktur jeung antropologi sastra. Léngkah-léngkah dina analisis struktural nurutkeun Endraswara (2013, kc. 52), nya éta:

- 1) Ngawangun tiori struktur luyu jeung génré anu ditalungtik. Struktur anu diwangun kudu mampuh ngagambarkeun tiori struktural anu hadé, sangkana babari dijalankeun ku panalungtikna sorangan. Panalungtik perlu maham leuwih jero unggal unsur nu ngawangun karya sastra.
- 2) Panalungtik ngalakukeun maca sacara gemet, nyatet unsur-unsur struktur anu di jero dina karya sastra éta. Unggal unsur diasupkeun kana kartu data, sangkan babari dianalisis. Kartu data alusna diruntuykeun sacara alfabetis, sangkan babari ditéangan dina unggal unsurna.
- 3) Unsur téma, anu mimiti ditéangan saacan nu lianna, lantaran téma bakal patali langsung sacara kompréhensif kana unsur séjén. Téma nya éta jiwa ti karya sastra éta, anu ngocor kana unggal unsur. Téma kudu patali jeung dasar pamikiran atawa filosofi karya sastra sacara sakabéhna. Téma ogé mineng nyamuni dina wangun. Ku kituna, maca kudu sababaraha kali sangkan mantuan dina nganalisis.
- 4) Sanggeus nganalisis téma, karék ka analisis alur, konflik, sudut pandang, gaya, setting, jeung sajabana lamun mangrupa prosa.
- 5) Anu kudu diinget, sakabéh dina napsirkeun unsur-unsur kudu dipatalikeun jeung unsur séjénna, sangkan gumulung ma'na strukturna.
- 6) Napsirkeun dilakukeun dina pinuh kasadaran pentingna patali unggal unsur. Analisis anu ninggalkeun *kepaduan* struktur, bakal ngahasilkeun ma'na anu atah.

Nurutkeun Endraswara (2013, kc. 110), Langkah-langkah stratégis dina prosés analisis antropologi sastra aya sababaraha hal, nya éta:

- 1) Panalungtik mimiti kudu nangtukeun karya mana nu réa munculkeun aspék-aspék étnografis. Bahan kajian sakuduna ngaréfléksikeun kahirupan tradisi anu ngakar di masarakatna.
- 2) Anu ditalungtik pasualan pamikiran, gagasan, falsafah, jeung prémis-prémis masarakat anu kagambar dina karya sastra. Rupa-rupa mitos, légenda, dongéng, sarta hal-hal gaib ogé diperhatikeun ku panalungtik.
- 3) Perlu diperhatikeun struktur carita, nepi ka kapanggih kakuatan anu ngajak pamaca yakin kana karya sastra éta.

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA  
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Tuluy analisis ditujukeun kana simbol-simbol ritual sarta hal tradisi anu kagambar di masarakat dina jero karya sastra éta.

Dumasar pedaran di luhur, téhnik analisis *Wawacan Siti Permana* bisa saperti ieu di handap.

- 1) Maca jeung neuleuman *Wawacan Siti Permana*;
- 2) Data dikelompokkeun atawa diklasifikasikeun dumasar pasualan panalungtikan nya éta struktur formal jeung struktur naratif wawacan sarta antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*;
- 3) Nyieun kacindekan tina hasil analisis *Wawacan Siti Permana*;
- 4) Nyusun hasil analisis *Wawacan Siti Permana*.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa leuwih gampang jeung hasilna alus. Hartina leuwih taliti, lengkep jeung sistematis anu jadi datana leuwih gampang diolah. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu dipaké nya éta kartu data.

Kartu data dipaké pikeun nganalisis struktur formal *Wawacan Siti Permana*. Analisis struktur formal ngawengku guru lagu jeung guru wilangan, analisis sasmita, jeung analisis watek pupuh dina *Wawacan Siti Permana*. Contona saperti dina tabél 3.1.

Tabél 3.1 Conto Format Kartu Data Analisis Struktur Formal  
dina *Wawacan Siti Permana*

No	Ngaran Pupuh	Pada	Cutatan Pada/Padalisan	Guru Lagu jeung Guru Wilangan	Sasmita	Watek
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Analisis struktur naratif *Wawacan Siti Permana*, di antarana: motif carita, galur carita, tokoh carita, latar carita, jeung téma carita. Contona format data analisis saperti dina tabél 3.2.

Tabél 3.2 Conto Format Kartu Data Analisis Latar  
dina *Wawacan Siti Permana*

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)

Analisis antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*, ngagunakeun format saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3 Conto Format Kartu Data Analisis Antropologi Sastra  
dina *Wawacan Siti Permana*

No	Data Antropologi Sastra	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)

### 3.4 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data aya tilu rupa, di antarana:

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber sata nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét;
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak anu mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data anu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol lianna. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Siti Permana*. Tokoh Siti Permana mangrupa anakna lurah atawa kuwu di Désa cigéréling anu hadé rupa jeung haténa, anggitan M.K. Mangoendikaria anu di medalkeun ku PT Indahjaya Adipratama, Bandung. Ieu wawacan téh hasil tina

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA  
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

upaya ti Direktorat Jendral Kebudayaan Depdikbud, ngaliwatan Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra Indonesia dan Daerah, di ahir taun tujuh puluhan.